

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kiwari ku mesatna téknologi, élmu pangaweruh di tatar Sunda dina mangsa baheula bisa dipikanyaho deui. Salah sahiji cara pikeun mikanyahona, nya éta ku ngaguar sajarah kabudayaanana ngaliwatan studi filologi. Ruhaliah (2020, kc. 1) nétélakeun nu dimaksud filologi, nya éta salah sahiji paélmuan anu raket patalina jeung studi téks sastra atawa budaya. Istilah filologi di Indonesia dilarapkeun dina téks-téks anu ngagunakeun basa Indonesia jeung basa-basa daérah.

Puseur garapan filologi téh kana bahan tinulis. Pikeun masarakat Sunda, hal-hal ngeunaan tulis-tinulis geus teu bireuk deui. Éta hal bisa ditilik tina sababaraha bukti tinulis anu kapanggih. Saperti aya tulisan nu ditulis dina batu, atawa biasa disebut prasasti. Jeung aya tulisan nu ditulis dina rupa-rupa média, saperti daun, kai, jeung keretas, atawa nu biasa disebut naskah (Maulana, 2022, kc. 23).

Naskah atawa nu sok disebut naskah kuna mangrupa karya tulis anu ditulis leungeun. Eusina ngeunaan hal-hal anu aya patalina jeung kahirupan manusa, nu kaalaman dina jaman baheula. Naskah asal kecapna tina basa Arab nya éta *al nuskhah* nu sok disebut oge manuskrip (Hayati, 2018, kc. 2). Kecap manuskrip dina bahasa Indonesia téh hartina naskah. Djamaris (dina Harahap 2021, kc. 52) nyebutkeun yén naskah atawa anu disebut manuskrip téh mangrupa karangan tulisan. Boh nu asli boh salinanna ngamuat ajén anu tangtu.

Ruhaliah (2020, kc. 49) nétélakeun yén naskah anu sumebar téh aya anu kawariskeun aya anu henteu. Alatan teu kawariskeun téh bisa jadi naskahna ruksak. Salian ti kitu naskah téh aya anu kakumpulkeun aya anu henteu. Alatan teu kakumpulkeun téh sabab can kaguar kabéh, lantaran basa jeung aksarana anu henteu dipikanyaho ku masarakat. Éta hal anu nyababkeun loba masarakat Sunda henteu mikanyaho kana naskah katut eusina.

Sangkan eusi naskahna kacangking ku balaréa, diperlukeun tarékah pikeun ngungkulanana. Salah sahijina nya éta ku cara transliterasi naskah. Transliterasi nya éta alih aksara tina hiji aksara kana aksara nu séjén. Transliterasi kacida penting pisan, sangkan eusi naskahna bisa kabaca. Transliterasi sok diréndéngkeun jeung istilah transkripsi. Bédana nu dimaksud transkripsi mah ngarobah wangun tuturan anu wujudna sora kana tulisan (Rahman & Nurjanah, 2021, kc. 29).

Tulisan-tulisan dina naskah téh ngagunakeun rupa-rupa aksara. Aya anu ngagunakeun aksara Arab, aksara Jawi, aksara Pégon, aksara Cacarakan, aksara Buda/Gunung, aksara Sunda Kuna, jeung sajabana. Naskah anu ditulis ngagunakeun aksara Arab téh digunakeun pikeun nuliskeun téks dina basa Arab (Ruhaliah, 2020, kc. 12). Salah sahiji naskah anu ditulis ku aksara Pégon téh nya éta aya dina naskah “Wawacan Tauhidullah”. Tujuan tina panalungtikan ieu nya éta, ngadéskripsikeun naskah, ngébréhkeun struktur naskah, sarta ngaguar ajén kaagamaan anu nyangkaruk dina naskah “Wawacan Tauhidullah”. Ku kituna alesan dipedar transliterasi naskah, struktur naskah, katut ajén kaagamaanana, mangrupa salah sahiji tarékah sangkan eusina bisa kacangking.

Panalungtikan anu dilakukeun ku Ajat spk., (2018) nyebutkeun yén ajén kaagamaan téh ngawengku tilu rupa, nya éta akidah, ibadah, jeung ahlak. Sedengkeun, panalungtikan anu dilakukeun ku Une spk., (2017) nyebutkeun ajén kaagamaan téh ngawengku tilu konsép, nya éta aqidah, syariah, jeung ahlak. Dina ieu panalungtikan baris dipedar ajén kaagamaan anu ngawengku akidah, ibadah, jeung akhlak.

Panalungtikan saacanna nu ngarojong dina wangun skripsi anu sawanda jeung ieu panalungtikan di antarana nya éta, ku Rian Supriadi (2015) anu judulna “Transliterasi jeung Ajén Kaagamaan dina Naskah Wawacan Suluk Panji”. Hasil tina panalungtikanana medar ngeunaan transliterasi jeung ajén kaagamaan dina naskah wawacan “Suluk Panji”. Yedi Sudrajat (2016) anu judulna “Ajén Kaagamaan dina Wawacan Samaun”, anu ngeunaan ajén kaagamaan dina “Wawacan Samaun”. Nanda Meilinda (2019) anu judulna “Ajén Kaagamaan dina Naskah Guguritan “Dangdanggula Nu Jadi Mamanis” Karya Kalipah Apo (Ulukan Filologi jeung Hermeneutik)”, anu medar ngeunaan ajén kaagamaan, ulukan filologi jeung hermeneutik dina guguritan “Dangdanggula nu jadi Mamanis”.

Lian ti éta ogé aya panalungtikan séjén nu dilakukeun ku Ilham Fauji (2020) nu medar ngeunaan “Transliterasi jeung Ajén Kaagamaan dina Naskah “Layang Carios Abdullah”. Eusina medar ngeunaan hasil transliterasi jeung ajén kaagamaan dina naskahna. Panalungtikan séjénna dilakukeun ku Sasti Ameliawati (2021) “Transliterasi jeung Ajén Kaagamaan dina Naskah Siti Jaajah (Ulikan Filologi jeung Struktural)”. Hasil tina panalungtikanana medar ngeunaan aturan agama anu kudu dilakukeun ku pamajikan ka salakina. Éta aturan téh bisa dijadikeun pieunteungeun pikeun medar ajén kaagamaan anu aya dina naskah.

Panalungtikan anu geus dilakukeun saméméhna téh miboga sasaran, nya éta ngeunaan transliterasi jeung ngaguar ajén kaagamaan. Nu ngabédakeuna nya éta objék panalungtikanana. Mangpaat tina panalungtikan naskah ieu téh aya dina rupa-rupa widang. Di antarana dina widang basa, widang sastra, widang budaya, jeung widang agama. Sumber ajén agama Islam di antarana Al-Quran, Hadist, Ijma’, jeung Qiyas. Sangkan ambahanana henteu lega, sumber ajén agama Islam nu digunakeun nya éta Al-Quran jeung Hadist.

Ajén agama anu aya dina naskah “Wawacan Tauhidullah” kacida pentingna tur bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé. Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan anu judulna “Ajén Kaagamaan dina Naskah Wawacan Tauhidullah (Ulikan Filologi & Struktural)” perlu dilaksanakeun sarta baris aya mangpaatna. Salian ti kitu ogé, dipedar hasil transliterasi naskahna. Panalungtikan ieu dipiharep bisa nambahan pangaweruh pikeun masarakat. Boh pikeun masarakat Sunda, boh pikeun masarakat di saluareunana.

1.2 Rumusan Masalah

Rumusan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya di handap.

- 1) Kumaha transliterasi naskah “Wawacan Tauhidullah”?
- 2) Kumaha struktur formal jeung struktur naratif naskah “Wawacan Tauhidullah”?
- 3) Naon waé ajén kaagamaan anu aya dina naskah “Wawacan Tauhidullah”?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Unggal panalungtikan miboga tujuan. Saluyu jeung kasang tukang masalah anu geus diébréhkeun di luhur, tujuan ieu panalungtikan dibagi jadi tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, tujuan panalungtikan ieu pikeun ngajaga tur miara naskah ngaliwatan studi filologi. Salian ti kitu, sangkan bisa dipikanyaho ku masarakat dina kahirupan sapopoé, ku cara ngaguar eusi naskahna, maluruh tur medar naskah “Wawacan Tauhidullah”.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikeun miboga tujuan di antarana:

- 1) Ngalihaksarakeun naskah “Wawacan Tauhidullah”
- 2) Ngaguar struktur formal jeung struktur naratif “Wawacan Tauhidullah”, sarta
- 3) Ngaguar ajén kaagamaan dina naskah “Wawacan Tauhidullah”.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Unggal panalungtikan miboga mangpaat. Sakumaha kasang tukang anu geus diébréhkeun, mangpaat ieu panalungtikan dibagi jadi mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Mangpaat téoritis dina ieu panalungtikan nya éta pikeun nambahan pangaweruh, sarta bisa jadi référénsi pikeun panalungtik satuluyna anu sarua medar ngeunaan naskah, transliterasi, atawa ngaguar ngeunaan ajén kaagamaan dina naskah.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan bisa diala mangpaatna dina sababaraha hal, di antarana:

- 1) Pikeun panalungtik, hasil tina ieu panalungtikan téh méré informasi atawa nambahan élmu pangaweruh ngeunaan transliterasi, déskripsi, jeung eusi naskah “Wawacan Tauhidullah”
- 2) Pikeun mahasiswa, hasil tina ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun référénsi dina panalungtikan anu sarua.
- 3) Pikeun akademisi, hasil tina panalungtikan ieu téh bisa nambahan pangaweruh ngeunaan naskah Sunda.

1.5 Raraga Tulisan

Dina ieu skripsi kawangun ku lima bab, anu diwincik saperti di handap.

Bab I eusina ngeunaan bubuka, kasang tukang, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II eusina ngeunaan ulikan tiori anu digunakeun pikeun jadi dadasar sarta pangdeudeul dina ieu panalungtikan, di antarana ngawengku filologi, wawacan, struktural, jeung ajén kaagamaan.

Bab III eusina ngeunaan métode panalungtikan, désain panalungtikan, sumber data jeung data panalungtikan, prosedur/alur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV ngeunaan data jeung pedaran tina hasil panalungtikan, hasil ngolah, jeung analisis data anu ngawengku déskripsi naskah, struktur formal jeung struktur naratif, sarta ajén kaagamaan dina naskah “Wawacan Tauhidullah”.

Bab V eusina ngeunaan kacindekan jeung saran, anu eusina ngeunaan kacindekan hasil panalungtikan jeung saran pikeun ka hareupna.

DAPFTAR PUSTAKA

- Ajat, S. (2016). *Dinul Islam Pendidikan Agama Islam di Perguruan Tinggi Umum*. UNY Press. unypress.yogyakarta@gmail.com
- Aminuddin. (2002). *Pendidikan agama Islam untuk perguruan tinggi / Aminuddin, dkk.* 45.
- Arikunto. (2010). *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Rineka Cipta.
- Attas, & Sitti. (2017). *Pengantar Teori Filolog*. LPP Press Universitas Negeri Jakarta.
- Bakhtiar, N. (2018). *Pendidikan Agama Islam di Perguruan Tinggi Umum* (Vol. 4, Nomor 1). Aswaja Pressindo.
- Baried, S. B., Soeratno, S., Sawoe, Sutrisno, S., & Syakir, M. (1985). *Pengantar Teori Filologi*. Pusat dan Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Danadibrata, R. A. (2015). *Kamus Basa Sunda*. Panitia Penerbitan Kamus Basa Sunda.
- Harahap, N. (2021). *Filologi Nusantara Pengantar Ke Arah Penelitian Filologi*. Kencana.
- Hayati, A. (2018). Naskah Sajarah Cirebon: Transliterasi dan Analisis Nilai Moral. *Lokabasa*, 9, 1–10.
- Isnendes, C. R. (2010). *Kajian Sastra Aplikasi Teori & Kritik*. Daluang Publishing.
- Isnendes, C. R., Narudin, & Toyidin. (2018). *Teori Sastra Kontemporer*. UPI Press Anggota APPTI.
- Koswara, D. (2010). *Sastra Sunda Buhun*. Jususan Pendidikan Bahasa Daerah.
- Maulana, R. (2022). Naskah Paririmbun Tatanen. *Jaladri*, 8(1), 11. <http://jurnal.upmk.acid/index.php/jaladri/>
- Panambunan, I., Badaruddin, S., & Kuswarini, P. (2022). Analisis Strukturalisme Robert Stanton Dalam Novel Tentag Kamu Karya Tere Liye. *Journal of Education and Language Research*, 1(2013), 1417–1430.
- Rahman, & Nurjanah, N. (2021). *Arab Pegon Maca Jeung Nulis* (I). Alqaprint Jatinangor. alqaprint@yahoo.co.id
- Ruhaliah. (2012). *Transliterasi, Edisi, dan Terjemahan: Aksara Sunda Kuna, Buda, Cacarakan, dan Pegon*. JPBD FPBS Universitas Pendidikan Indonesia.

Indriani Jaena, 2023

AJÉN KAAGAMAAN DINA NASKAH WAWACAN TAUHIDULLAH (Ulukan Filologi & Struktural)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- Ruhaliah. (2018). *Wawacan Sebuah Genre Sastra*. Pustaka Jaya.
- Ruhaliah. (2019). *Sajarah Sastra Sunda*. UPT Penerbitan dan Percetakan-Universitas Pendidikan Indonesia. <http://upipress.upi.edu>
- Ruhaliah. (2020). *Filologi Ti Bihari Ka Kiwari*. UPI Press. <http://upipress.upi.edu>
- Septian, E. P. (2016). Wawacan Siti Permana Karya M.K. Mangoendikaria (a Structural and Anthropological Literature Study). *Lokabasa*, 7(1), 26–34.
- Shaleh, Q., Dahlan, & Rusamsi, Y. (2017). *Al-Quran Tarjamah Sunda*. Penerbit Diponegoro.
- Stanton, R. (2012). *Teori Fiksi Robert Stanton*. Pustaka Pelajar.
- Sugiyono. (2017). *Metode Penelitian Kuantitatif, Kualitatif dan R & D* (cetakan ke). Penerbit Alfabeta Bandung. alfabetabdg@yahoo.com
- Suherman, A. (2017). Wawacan Pandita Sawang sebagai Naskah Keagamaan: Tinjauan Kedudukan dan Fungsi. *Manuskripta*, 7(2). <https://doi.org/10.33656/manuskripta.v7i2.93>
- Suwanto, Y., & Winarni, E. T. (2014). Sasmita Tembang Macapat (Suatu Kajian Pragmatik). *Prosiding Seminar Nasional PRASASTI (Pragmatik: Sastra dan Linguistik)*, 284–290. <https://jurnal.uns.ac.id/prosidingprasasti/article/view/516/478>
- Suyono, I. (2017). Aqidah Akhlak. *Jurnal Ilmiah*, 10(2), 100–141.
- Umar, B. (2012). *Hadis Tarbawi*. Amzah Imprint Bumi Aksara.
- Une, D., Bashoan, A., & Tamu, Y. (2017). Pelaksanaan Pendidikan Agama Islam di Perguruan Tinggi. In *EDUKASI: Jurnal Penelitian Pendidikan Agama dan Keagamaan* (Vol. 2, Nomor 1). Penerbit Ideas Publishing. <https://doi.org/10.32729/edukasi.v2i1.354>